



**Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman**  
**(Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP)**

**Gid Dokiman (COVID-19) (Haitian Creole)**

Pou nou kapab detèmine si ou kalifye pou avantaj SNAP, nou bezwen ou bannou prèv faktè kalifikasyon pou SNAP ki endike anba la yo. Dokiman yo pwopoze yo ak ti konsèy itil nan gid sa a ap ede ou bannou prèv nou bezwen pou nou detèmine si ou kalifye pou SNAP.

Si nou detèmine ou kalifye pou SNAP anba règ pwosesis ekspeditif, nou kapab ba ou avantaj yo menmsi ou sèlman verifye idantite ou. Men, anvan nou kapab ba ou plis avantaj SNAP, ou dwe verifye lòt faktè kalifikasyon pou tèt ou ak nenpòt lòt moun ki lakay ou.

Si ou aplike pou avantaj SNAP nan kourye lapòs oswa nan faks, tanpri voye kopi dokiman ou yo bannou pou ede nou detèmine si ou kalifye pou SNAP san pèdi tan.

Faktè Kalifikasyon	Dokiman nou sijere pou Bay	Konsèy Itil
<p><b>Idantite</b></p> <p>Nou dwe detèmine epi jwenn dokiman idantite pou moun yo enimerè a oswa k ap fè demann lan.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kat Idantite ki gen Foto, Lisans Chofè</li> <li>Paspò Ameriken</li> <li>Sètifika natiralizasyon</li> <li>Dosye Lopital/Doktè</li> <li>Papye Adopsyon</li> <li>Batistè</li> <li>Sètifika Batèm</li> <li>Kat Enskripsyon Elektè</li> <li>Nimewo Sekirite Sosyal Valid</li> </ul>	<p>Ou kapab itilize nenpòt nan dokiman sa yo ki endike dat nesans moun nan pou verifye <b>laj</b>. Anplis, ou kapab itilize yon Paspò Ameriken oswa yon Sètifika Natiralizasyon pou verifye sitwayènte si nou mande ou prèv la.</p>
<p><b>Kote li abite</b></p> <p>Ou dwe pwouve chak moun ki aplike pou avantaj SNAP ap viv nan adrès ki endike sou aplikasyon an.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kontra Lwaye Kounye a</li> <li>Dènye kontra lwaye kay ki endike non ak adrès lokatè a</li> <li>Deklarasyon Mèt Kay la oswa Lokatè Prensipal la</li> <li>Dosye ipotèk</li> <li>Dosye Lekòl (li kapab nenpòt kisa lane ki sòt pase ki gen non ak adrès timoun lan sou li)</li> </ul>	<p>Si yon deklarasyon Mèt Kay la oswa Lokatè Prensipal la endike non tout moun nan kay la, ou kapab itilize tou pou note <b>kantite moun ki nan kay la</b>.</p>
<p><b>Kantite moun ki viv nan kay la</b></p> <p>Ou dwe bay verifikasyon kantite moun k ap viv nan kay la.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Deklarasyon Mèt Kay ki pa Manm Fanmi ou</li> <li>Deklarasyon ki sòti nan Òganizasyon Kominotè</li> <li>Deklarasyon Moun ki p ap viv nan kay la</li> <li>Deklarasyon yon moun w ap viv ak li men w pa mete nan aplikasyon an</li> </ul>	<p>Deklarasyon an ta dwe gen ladan non tout moun ki nan kay la epitou ou kapab itilize li tou pou pwouve <b>adrès la</b>.</p>
<p><b>Laj</b></p> <p>Ou dwe bay verifikasyon laj pou <u>tout</u> moun ki aplike pou avantaj SNAP.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Batistè</li> <li>Sètifika Batèm</li> <li>Papye Lekòl ak dat nesans</li> <li>IDNYC (ki gen laj 14 ane ak plis)</li> </ul>	<p>Ou kapab itilize yon batistè tou pou detèmine ak note <b>idantite ak si ou gen sitwayènte</b>.</p>
<p><b>Nimewo Sekirite Sosyal</b></p> <p>Ou dwe bay yon Nimewo Sekirite Sosyal pou <u>chak</u> (oswa prèv ou aplike pou youn) moun lakay ou ki aplike pou avantaj SNAP yo</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kat Sekirite Sosyal</li> <li>Korespondans ofisyèl ki sòti nan Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA)</li> </ul>	<p>Si ou ban nou nimewo Sekirite Sosyal pou chak moun ki lakay ou, ou pa bezwen bay yon kat Sekirite Sosyal.</p>

**(Vire paj la)**

**Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman**  
**(Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP)**  
**Gid Dokiman (COVID-19)**

Faktè Kalifikasyon	Dokiman nou Sijere pou Bay	Konsèy Itil
<p><b>Sitwayènte</b></p> <p>Ou dwe bay dokiman pou sitwayènte ou sèlman si nou gen dout sou sitwayènte ou.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Batistè</li> <li>● Dosye Lopital</li> <li>● Paspò Ameriken</li> <li>● Dosye Sèvis Militè</li> <li>● Sètifika natiralizasyon</li> </ul>	<p>Ou kapab itilize batistè, dosye lopital, Paspò Ameriken ak Sètifika Natiralizasyon tou pou pwouve <b>idantifye ak laj</b>.</p>
<p><b>Kondisyon Imigrasyon</b></p> <p>Ou dwe note kondisyon imigrasyon pou moun ki pa sitwayen ameriken ki aplike pou avantaj SNAP.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Dokiman USCIS (pa egzanp, yon grinkat, viza nan paspò)</li> <li>● Prèv ki montre ou kontinye ap viv nan Etazini anvan 1/1/72</li> </ul>	
<p><b>Revni nan Travay</b></p> <p>Si <u>nenpòt</u> nan moun nan kay la ki aplike pou avantaj SNAP ap travay, salè brit (anvan nenpòt dediksyon), ou dwe note kantite fwa li touche ak <u>kantite èdtan</u> li travay yo.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Dènnye souch chèk peman</li> <li>● Anvlòp peman</li> <li>● Lèt patwon bay ki endike salè anvan dediksyon, kantite moun nan touche, ak kantite èdtan li te travay</li> <li>● Dènnye deklarasyon taks sou revni</li> <li>● Si se travay endepandan – dosye ak dokiman asosye konsènan salè ak depans yo</li> <li>● Si konpayi a/plas kote biznis lan fèmen, <u>ou</u> dwe siyen yon deklarasyon ki gen enfòmasyon ansyen patwon ou an/plas kote biznis lan te ye a</li> </ul>	<p>Ou ta dwe verifiye revni ou te resevwa nan dènnye 30 jou yo.</p> <p>Si w deja pèdi dènnye travay ou an, ou pa bezwen voye okenn prèv sou revni ou.</p>
<p><b>Revni ki pa soti nan Travay</b></p> <p>Si <u>nenpòt</u> nan moun nan kay la ki aplike pou avantaj SNAP ap resevwa revni san li pa travay, ou dwe note kalite revni a, kantite lajan, ak kantite fwa moun nan resevwa li.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Dènnye Lèt Rekonpans</li> <li>● Korespondans Ofisyèl ki sòti nan SSA</li> <li>● Lèt ofisyèl ou resevwa nan Administrasyon Ansyen Sòlda (Veterans Administration)</li> <li>● Dènnye chèk oswa souch peman avantaj</li> <li>● Etadkont labank oswa koperativ</li> <li>● Kapti Ekran oswa Etadkont labank oswa koperativ</li> <li>● Etadkont ou resevwa nan men moun ki bay sipò a</li> <li>● Etadkont Avantaj Asirans pou Chomaj (Unemployment Insurance Benefit, UIB)</li> <li>● Kapti Ekran oswa imaj deklarasyon UIB ki soti nan Ministè Travay</li> </ul>	<p>Si oumenm oswa yon moun lakay ou ap resevwa Revni Sekirite Anplis [Supplemental Security Income (SSI)], verifikasyon SSI a pa obligatwa.</p> <p>Si w deja pèdi dènnye travay ou an epi w poko jwenn apwobasyon pou UIB, ou pa bezwen voye okenn prèv sou revni ou.</p>

**Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman**  
**(Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP)**  
**Gid Dokiman (COVID-19)**

<b>Faktè Kalifikasyon</b>	<b>Dokiman nou Sijere pou Bay</b>	<b>Konsèy Itil</b>
<b>Resous</b>  Resous yo pa afekte kalifikasyon pifò fanmi ki aplike pou avantaj SNAP. Men, nou itilize kèk enfòmasyon sou resous yo pou nou detèmine si ou kalifye pou nou travay rapid sou aplikasyon SNAP ou.	<ul style="list-style-type: none"><li>● Dènnye dosye labank oswa koperativ</li><li>● Sètifika Aksyon/obligasyon</li><li>● Etadkont enstitisyon finansye</li><li>● Akò oswa papyè anplasan pou kavo</li><li>● Papyè kay ak/oswa evalyasyon kay</li><li>● Asirans Vi</li><li>● Anrejistreman/tit veyikil</li><li>● Kapti Ekran oswa Etadkont labank oswa koperativ</li></ul>	Si ou gen resous men ou pa byen konnen si ou si ou oblije verifye yo, bay verifyasyon an. Si ou dwe pou verifye resous yo, n ap gen pou rete tann pou nou kapab pran yon desizyon sou kalifikasyon ou.
<b>Moun Andikape/Moun ki Entatad</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>● Dènnye etadkont avantaj SSA/SSI</li><li>● Lèt Doktè oswa Pwofesyonèl medikal ki siyen ak date, ak yon nimewo telefòn pou pran kontak</li></ul>	Si moun k ap aplike pou SNAP a andikape oswa entatad, w ap bezwen voye papyè pou pwouve sa.

**(Vire paj la)**

**Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanè**  
**(Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP)**  
**Gid Dokiman (COVID-19)**

**Depans ki ka afekte Kalifikasyon ou pou SNAP oswa kantite lajan avantaj ou**

Si ou gen nenpòt depans ki endike anba la a, li enpòtan pou ou bannou verifikasyon depans sa a. Nan kèk ka, depans lan kapab fè ou kalifye sou plan finansye pou resevwa avantaj SNAP epitou nan kèk lòt ka, sa kapab vle di w ap resevwa plis avantaj SNAP.

<b>Faktè Kalifikasyon</b>	<b>Dokiman nou Sijere pou Bay</b>	<b>Konsèy Itil</b>
<b>Bòdwo Medikal yo</b>  Sa se sèlman pou granmoun aje oswa moun andikape ki fè depans sa a.	<ul style="list-style-type: none"><li>● Kopi bòdwo medikal (ki peye ak sa ki pa peye)</li><li>● Deklarasyon founisè Peman Asirans Sante pa Mwa</li><li>● Kat Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon</li></ul>	Sa gen pou wè ak depans medikal moun yo peye avèk lajan kach. Pa mete dokiman pou nenpòt bòdwo moun ki pa nan kay la peye oswa sipoze peye.
<b>Frè pou Swen Sante Depandan Lòt Depans</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>● Lòd Tribinal</li><li>● Deklarasyon sant gadri oswa lòt founisè sèvis gadri</li><li>● Deklarasyon oksilyè oswa asistan swen pèsonèl</li><li>● Chèk anile oswa resi</li></ul>	